



This e-book was digitized from an original copy by the West African Research Association for the African Language Materials Archive (ALMA) project. Original funding for this project was provided by [UNESCO](#) and the [Council of American Overseas Research Centers \(CAORC\)](#) in cooperation with the [West African Research Association](#) and [Columbia University](#).

Please see the following web sites for more information about the ALMA project, contributing authors, and more titles in the series.

- Digital Library for International Research catalog: <http://catalog.crl.edu/search~S16>
- African Language Materials Archive (ALMA): <http://www.dlir.org/e-books.html>
- African language materials including interviews in video and PDF versions, documentary video, translation work, and bibliographies can be viewed at <http://alma.matrix.msu.edu>.





# ADEF / AFRIQUE

Association pour le Développement  
de l'Education et de la Formation en Afrique  
Villa N° 4164 Sicap Amitié II  
Tél. 824.90.91 - Fax : 824.37.69  
E-mail : adef-afr@jenda.sn

## NJÀNG

Ñaareelu at



Nouvelle édition  
Janvier 2000

# NJÀNG

*Ñaarelu at*

*Rédigé par une équipe composée de :*

**Amadou MBENGUE**, Volontaire de l'Education ADEF/Afrique  
**Mamadou SYLLA**, Volontaire de l'Education ADEF/Afrique  
**Almamy TRAORE**, Volontaire de l'Education ADEF/ Afrique

*Animée par :*

**Moustapha NDOYE**, Secrétaire d'édition  
**Bocar SY**, Responsable du réseau alphabétisation ADEF/Afrique  
**Awa NDIAYE**, Formatrice, membre de ADEF/Afrique

*Assistée par :*

**Rokhaya THIOUNE NDOYE**, Documentaliste ADEF/ Afrique  
**Aminata NDIAYE**, chargée de l'édition ADEF/Afrique

*Mise en page : Seynabou GUEYE*, Secrétaire ADEF/Afrique

*Illustrations : Galerie ART-AFRIQUE*

# Térélisu téeré bi

LIMI XAAJ	XAAJ YI	JUKKI YI	LIMI XET YI
1	Cosaanu Dëkk	Guyaar	4 - 5
		Ndox	6 - 7
		Daaru Salaam	8 - 9
2	Wëruwaay	Bekkoor	10 - 11
		Aar naaruwaay yi	12 - 13
		Njérinu Garab	14 - 15
3	Njaboot gi ci kér gi	Céetal gi	16 - 17
		Nakk déggoo	18 - 19
		Mbooloo mooy doole	20 - 21
		Doom ji (taalif)	22
		Xeesal	23
4	Domen Nasonaal	Ku moom suuf si	24 - 25
		Luy domen nasonaal	26 - 27
		Mboolooyu dëkki kaw yi	28 - 29
5	Mbay mi	Cosaanu mbay	30 - 31
		Tos	32 - 33
		Lolli	34 - 35
6	Mbayum Lujum	Mbayum noor	36 - 37
		Njoobéen taay	38 - 39
		Ndencum lujum	40 - 41
		Woyu baykat yi (taalif)	42 - 43
7	Camm gi	Sardi	44 - 45
		Yafal xar	46 - 47
		Baabakar ak yafalu juram	48 - 49
8	Naw ak cuub	Yooni piis	50 - 51
		Naw	52 - 53
		Cuubkat bi	54 - 55
9	Dénc, leb Saytu	Bànk sunu njérin	56 - 57
		Kuréel yuy leble	58 - 59
		Saytu	60 - 61
		Nëwleen (Taalif)	62 - 63
10	Tukki yi	Moodu	64 - 65
		Moodu (toop li)	66 - 67
		Moodu (njeextal bi)	68 - 69
11	Cetug wér	Cet	70 - 71
		Sàqum garab yi	72 - 73
		Sibbiru si	74 - 75
12	Njàng mi	Njàng mi	76 - 77
		Xel ak njàng	78 - 79
		Njàng ak kàcciri	80 - 81
13	Täggat yaram ak jot gi	Täggat yaram	82 - 83
		Simb	84 - 85
		Fa làrb ja	86 - 87

# Cosaanu dëkk



## Guyaar

Li dag yiy bare kér buur lépp, buur Alfa la gën a bëgg, moom la gën a fonk, moom la gën a wóolu. Diggante buur ak Alfa, ànd bu yàgg la, ànd bu amul sikki-sàkk, kólléré gu dëggú, benn gis-gis, ay xalaat yu mengóo wànte diggante buur ak Alfa du loolu rekk.

Alfa nekk na nit ku xerañ, nit ku am fullé, ku am faayda, nit koo xam ne ci wàllu xare, lépp lu mu la ci wax rekk téeré la. Ba tax na, bi mu dalee di xelal buur, di jiité xare yi, ay ndam kese fa mas di juddu.

Tey nak, Alfa juum na ci tèrèlinu cong mi, ba tax na, amaana, ndam demut, wànte li gën a metti buur, lu mësut à am am na : ndam dikkut. Alfa itam am lu ko metti lool. Mu ne : "njuumte li, nenn rekk laa koy faje, muy génn dëkk bi ak sama njaboot, toxu". Noonu, Alfa gàddaay ànd ak njabootam, di dem, di dem ba egzi ci yaari guy, ne :

- "Yaari guy, yaari guy, fii la ci diggante ñaari guy yii !"

Noonu, buur yonnee ci Alfa ay yooni yoon ngir mu delsi moom ak njabootam, wànte terewul, Alfa lank.

Ci mujjantal gi, buur nangu xalaatu Alfa. Dolli ci, buur yabal ay nit ñu dëkkil ko. Noonu la dëkku Guyaar juddoo, di firi ci wolof yaari guy.

Tekkin yeek téggiini baat yi :  
sikki-sàkk : lu dese leer, lu am xel ñaar  
guyaar : yaari wàlla ñaari guy  
gàddaay : génn dëkk dem feneen

## Tàggatu yi

Faramfàcce :

Kan la buur gën a fonk ? Lu tax ?

Bi mu gàddaayee fu mu dem ?

Ténkleen jukki bi.

Jéemantu yi :

• *Jubbantileen kàddu yii :*

buur/Alfa/ak/rekk/loolu/du/diggante

1 2 3 4 5 6 7

lool/metti/ko/am/lu/itam/Alfa


1 2 3 4 5 6 7

• *Mottalileen akiy baat kàddu yii :*

Dolli ci, ..... yabal ay nit ñu dëkkil ko

Noonu la dëkku ..... juddoo ..... ci wolof .....

# Cosaanu dëkk



## Ndox

- "Maam Seyni, maam Seyni ! Dama doon xeex ak Abdu Njaay ndax ne na juddowuloo fii".

- "Aa ! Sériñ xeex ngaak moom waaye dëgg la la wax. Man fu ma juddoo Njooobéen la tuddooon ndax ña fa dëkkoon ñépp Jooob la ñu sant".

- "Waaw maam, lan moo ñu indi fii" ?

- "Saa sét, ca at yee ñu weesu, maral wu metti moo fi amoon. Mbay mi baaxul, jur giy dee, teen yi déy, nit ñi sonn lool. Borom dëkk bi xam ne loolu ménut a wéy, mu yonni ay ndaw ñu wéri béréb bu am ndox. Ba ñooñu agsee fii, ñu gis fi déeg bu fees ba ndox miy walangaan. Waaye fii ak fa ñu dëkkoon sori na soriwaay boo xam ne, boo bëggée wutsi ndox, dellu, dinga def ñaari fan.

Ñu daldi ne li gën a noppale daal mooy sancsi fii. Booba am na ñu fi dëkoon, mooy waa dëkk boobee ngay séen. Ñooñu nak ñoo nu

doon tooñ naan nu ndox-a-tax, mujj gi ñu naan waa ndox. Looloo  
indi turu ndox wii tey".

Tekkin yeek tèggini baat yi  
Walangaan : Fees bay tuuru, di wal  
Juddéowuloo: Ci juddu la tèggoo. Juddo  
mooy fi nit ki ganesee àdduna mbaa  
fi mu cosaanoo

### Taggàtu yi :

#### Faramfàcce :

Kan moo am dëgg diggante Abdu Njaay ak sëriñ ? Lu tax ?  
Ñi dëkk ndox tey fan lañu cosaanoo ? Lu indi turu ndox ?  
Lu waral ngeen sancsi fii ?

#### Jéemantu yi :

##### • *Mottalileen kàddu giî :*


Saa ..... ca at yee ñu ..... maral wu metti moo fi .....

##### • *Weccantey baat :*

Saa	sët	ca at yee ñu	weesu	maral wu metti moo fi amoon
	doom		jàll	
	maam		bàyyi	
	yaay		fàtte-	
	xarit		génn	
	mag			

##### • *Xoolleen ci jukki bi ugeen génné uraf yu ñu nosal yi yiy lambali baat, di ne ci diggi baat, te mën a jeexal baat itam*

# Cosaanu dëkk



## Daaru salaam

Daaru mooy pakk te salaam baatu arab la buy firi jamm.  
Kon, Daaru salaam mooy pakk jamm. Baatu Daaru Salaam nak,  
cosaan la.

Ci jamonoy Sériñ Tuuba, dafa mësoon a wax Maam Seex  
Ibra Faal mu taxanal ko. Ku nekk war na xam ni Sériñ Tuuba, ku  
bari woon i doom la. Wante daanaka ñépp a nelaw balaa muy sañc  
Daaru Salaam.

Naka la Maam Seex tambalee gor, suuf si ne ko :

- "Goor gu baax, ki ngay wutal matt su bëggée lu mu dundale  
jurëm, na ñow dëkk si fii".

Noonu, Maam Seex dem wax ko Sériñ Tuuba.

Ci saa si, Sériñ bi ànd ak Maam Seex mu won ko suuf si.

Naka lañu egzi rekk, Sériñ Tuuba ne :

- "Fii la ! Fii mooy Daaru salaam.

Noonu la dëkku Daaru salaam sosoo.

Tekkin yeek tégginí baat yi :

Tambalee : naka lay door

Taxanal : wutal nit matt

## Tàggatu yi:

### Faramfàcce :

Lan mooy Daaru Salaam ?

Lu tax Sëriñ Tuubaa tudde ko Daaru Salaam ?

Na yenn ci ndongo yi joxe cosaanu benn dëkk wälla aw tur.

### Jéemantu yi :

- *Tënkleen jukki bi*

Seeni xarit bind nañu leen bataaxal ngir xam seen cosaanu dëkk.

Nettalileen.

# Wëruwaay.



## Bekkoor

Juróom-ñetti weer toppante nañu, juróom ñeenteel bi dikk ak ay melokaanam yu wutee ni weelu suwëj daan feeñoo : asamaan si set wecc, naaj wi tàng, suuf si fell, garab yeek rabu àll yi yee ; cokeer yi sax mënëtuñu naaw fukki meetar yu mat. Ci dëkk bi, lépp di njàqare kese.

Tey si suba teel, kenn noddagut, kenn yeewoogut xanaa Abdu mi jém ca wudd wa. Bi mu gisee fasam rekk, àddinaam tukki, yaakaaram jeex, mu gis ne mala mii mënëtu ko amal njariñ noonu mu ko daan amale, ni mu ko daan siggile mëna tu ko.

Abdóo ngi naan :

- "Bekkoor demal ! Bekkoor randul ! Bekkoor bawal saa wenn wii, wenn rekk des".

Foofu nak fas wii daanu, di wéqu, di wéqu ba 'faf sedd. Abdu àgg suuf, jonkan, jél ay yoxoom teg ci fas wi, tey naqarlu.

Tekkin yeek téggi baat yi :  
Bekkoor : ñakkum ndox ; maral  
Cokeer : bokk ci xeetu picc yi,  
ganaar épp ko tuuti

## Tàggatu yi :

### Faramfàcce :

Genneleen ay kàddu ci jukki bi yuy wone ne bekkoor am na.

Fu Abdu jëm ci fajar gi ?

Lu tax Abdu naqarlu deewu fasam woowu ?

Joxeleen yeneeni melokaani bekkoor.

Ténkleen jukki bi.

### Jéemëntu yi :

Naata kàddu ñoo am ci jukki bi ?

• *Jubbëntileen kàddu gi :*

Siggile / ko / daan / ni / mën / tu / mu / a

1      2      3      4      5      6      7      8

• *Mottalileen kàddu yi :*

Bekkoor ..... saa wenn wii

Abdu àgg ..... jonkan.

# Wëruwaay



## Aar naanuwaay yi

Nee nañu ndox mooy reeni dund ci kow suuf. Foo munti dem ci àdduna bi, dinga fa gis ndox. Ndox moomu, menn ndox mi rekk la ndax day doxantu te yoonam daa téju. Yoon woowu nak, dees koy jéem a xool naka la bindoo.

Naaj wi day ñeeral ndoxu geej gi, ndoxu déeg yi ak yi ci biir suuf. eeraay boobu dafay nekk saxaar jubël asaman; saxaar soosu mooy dajaloo nekk ay niir.

Yenn saa yi, ngelaw su amee day dandal niir yi ba béréb bu sedd mbaa béréb bu bari garab mu taw fa. Ndoxu taw bi day delluwaat ci géej gi, ci déeg yi ak ci biir suuf si.

Gisees na ci yoonu ndox ne bu tawee, am na ndox muy dugg ci biir suuf si. Ndox moomu di fa dajaloo moom lañuy naan ci fooraas yi, ci teen yi ak ci robine yi. Looloo tax ñu war a moytu di fóot ci booru naanuwaay yooyu, di fa tuur ndox yu tilim mbaa mbalit, di ub teen yi tey tere jur gi di fa jege ndax day yàq ndox moomu ñuy naan.

Nañuy ñag naanuwaay yi, ñag bi nak, wetam wu nekk day  
sori naanuway wi lu demee ni juróom-ñaari meetar.

Tekkin yeek tégginí baat yi :  
Géej gi: ndox mu wér adduna bi yépp te  
saf sàpp ak xorom.  
Nyeraay: anamu eer

### Tàggatu yi :

#### Faramfàcce :

- Ndox suy nyer nu muy def ?
- Naka lay niir yi di amee ?
- limleen yoon yi ndox di jaar ?
- Loo leen seetlu bala muy taw ?

#### Jéemëntu yi :

- Raññeelen ci jukki bi baat yi am araf yu jigéen yu gudd yi.  
Lan moo leen wutélé ak araf yu jigéen yu gatt yi ?  
Guddaay beek gattaay bi ban njariñ la am ?

# Wëruwaay



## Njériñu garab

Benn bés, dafa amoon ab lawbe bu doon taxani ngir jaayi ko. Mu jóg dugg ci àll bi, yore jaasi ju rëy, tey waaxu ; naka la egxi ci dimb gu mag, mu ne ci xelam : "bii dina baax".

Noonu, mu tambalee gor. Tuuti rekk, dimb gi ne ko :

- "Ginnaw yàlla, xanaa-xamuloo ni damay dundël doomi aadama. Su fekkee sax ku am seetlu nga, gis nga ni réew mu la épp garab, gën la bari taw. Kon, man maa waral taw bi. Moone démb, samay reen nga xooj naan ngir faj say saan. **Waaw ! Foo nekkoon balaa nga ñow di ma gor ?**"

Lawbe bi tontu ko :

- "Ca keppaaru garab ga ca sa ma kér".

Noonu dimb gi dellu ne :

- "Cay ! Nit daal a ma jaaxal. Sàñq, yaa nga tëddoon ca sama keppaar. Leegi, soxla nga xaalis, tax na àndatoo ak sa sago. Moone cere ji sa soxna togg tey, samay doom la ci def ngir mu gën a neex. Soo bàyyiwul di ma gor, bekkoor dina dal sa kaw, dugub, gerte, mboq ak ñoom seen tus du ñor, teen yi déey ba mujj wow

kong, xiif ak mar ganesi la. Waaye, soo ma suuxatee, nawet yi nangu, tool yi naat, sàq yi fees dell, koom-koomu dëkk bi yékkétiku, tawat joggé fi".

#### Tekkin yeek téggiini baat yi :

dimb : xeetu garab

déey : ndoxu teen wu waññeeku

ba jeex

bekkoor : maral

nangu : àntu

#### Tàggatu yi :

##### Faramfàcce :

Lu taxoon lawbe bi bëggoon a gor dimb gi ?

Lan la ka garab gi wax bu jékk ?

Fan la lawbe bi téddoon ?

Lan la garab gi wax su ñu ko suuxétée ?

Loo leen xalaat ci li garab gi wax ?

##### Jéeméntu yi :


- *Bindleen benn tajj buy firi jukki bi.*

- *Jubbëntileen kàddu gii:*

Koom-koom / garab / njériñ / ci / na / am

- *Tenkleen jukki bi ci anam bu leer.*

# Njaboot gi ci kér gi



## Céetal gi

Tey ci ngoon, balaa jànt a so, dina fekk séet bi war.

Bàjjan yi, jaam yi, àndandoo yeek xarit yi dar ko, muur ko, wommat ko, yóbbu.

Naka la wàcc, jéeg ji tàmbalee xaxar. Lu ñaaw lu ne ñu wax ko séet bi, wànte du ko tax a mer.

Jàñq yi ñoom ñoo feetewoo tègg mi. Yuux ya soqi, sarxolle ya jib ba foo tollu di ci dégg. Lépp xumb, lépp neex, mel ni daal lu ñu ménul a wax, mel ni tuq sa bënn. Xale yi, mag ñeek gone yi, ñépp nekkal ko ci rekk, di foo, di ree, di fecc ba xaaju guddi.

Bu ñu céetélée ba noppi, teg ciy fan yu neew, séet bi dina dem jélib dawal. Maanaa dem teen ba rooti, ànd ak xarit yeek bàjjan yi, ñuy woy ak a fecc.

Jélib dawal bi mooy firi ndoorteelu liggéeyu séet bi, ci lay tàmbalee root, togg, fóot ak a def bépp liggéey bu kér gi laaj.

**Tekkin yeek tèggini baat yi :**

Xaxar : *wax* yu ñaaw jublu-ci po (aada)  
Sarxolle : *yuuxu* mbégté yu tar

## Tàggatu yi :

### Faramfàcce :

Kañ la séet biy war ?

Génnéleen ay kàddu yuy wone ne céet la.

Lu tax ū muur séet bi ?

Tenkleeten jukki bi.

### Jéemëntu yi :

- *Mottalileen kàddu yi :*

Tey ci ..... balaa jànt a so, dina fekk séet bi ..... Yuuxu ya, sarxolle  
ya jib ..... di ci dégg.

- *Jubbëntileen kàddu yii :*

xaxar / jéeg / ji / dañuy

1        2        3        4

sarxolle / soqi / yuux / ya / jib / ya

1        2        3        4        5        6

# Njaboot gi ci kér gi



## Ñakk déggóo

Jamonoy tey gisees na loo xam ne dafa doy waarr. Loo looy lan ?

Li ñu seetlu daal mooy ñakk déggóo bi am diggënté mag ñeek ndaw ñi ci biir kér yi, muy ci dëkki kaw yi mbaa dëkki taax yi.

Saa su ne, dañuy dégg mag ñi naan : "Xaley tey amuñu yar ak teggin". Xëy na sax ci dëkki kaw yi la xale yi gënayaru, waaye ñaayoo bi moom fépp la am.

Ci dëkki kaw yi, saa yu mag ñi teree xale yi foo rekk (maanaam fecc, misig mbaa futbal) ñooñu ñaawal ko ba duñu nangul mag ñi ci liggeeyi santaane yi.

Ci dëkki taax yi, xale yi dañuy wax naan : "xanaa mag ñi xamuñu ni jamono daa soppeeku; ñoom seen jamono wees na te ñun sunu jamono dafa am àq ju muy laaj te dees ko koy jox".

Ñaayoo boobu warees na ko moytu ndax fu mag waxee rekk xale tontu te Kocc Barma Faal nec na : "dëkk boo dem gis ne su mag

ñi waxee rekk, xale yi tontu leen, jàmm, bu fa yendoo itam, du fa fanaan."

Tekkin yeek teggini baat yi :  
Soppeeku : jél weneen melo.  
Teggin : yarute, mén maye cér  
**ŋaayoo** : xàjjaloo bu nekk ci  
diggénté nit. Lu koy waral  
mooy ñakk déggoó.

### Tàggatu yi:

#### Faramfàcce:

Lan la ñuy gis ci jamonoy ley ?

Lu waral ŋaayoo bi ci dëkki taax yi ?

Luy seen xalaat ci léebu Kocc Barma bi ?

Bu seen dëkk amoon aayoo bu ni mel, noo leen koy pajtale ?

#### Tàggatu ci jéeméntu yi :

• *Loo leen seetlu ci diggénté baat yi?*

..... doy waat ak loolooy lan ?

..... dëkki kaw yi mbaa dëkki .....

• *Bu dee xam ngeen yeneen léeb yu ànd ak jukki bi, waxleen.*

# Njaboot gi ci kér gi



## Mbooloo mooy doole

Dafa amoon ci dëkk bu ñuy wax Marfafaaxa, genn góor gu mag. Daanaka, ñépp a ko ñeewoon ndax mänduteem ak xam-xamam. Wànte njabootam du jóg mukk ci jàppante.

Benn bés, mu dajale leen ngir waxtaan ak ñoom.

Naka la njaboot gépp daje, mu daldi génn ci néegém, yore ag buum. Noonu, mu ne :

- "Indileen ku nekk ab bànt te ngeen jóor yépp ci benn bérëb".

Naka lañu noppi ci liggéey bi, góor gi waaxu ba ci say wi, boole bànt yépp yeew.

Ay saa yu néew mu tàmbali woo kenn-kenn ngir mu jéem a damm say wi. Ku dem rekk du ko mën a damm. Mu dellu tekki say wi, ne :

- "Ku nekk na jél bàntam te jéem ko damm".

Ci saa si, ku nekk damm bosam.

Noonu, góor gi yëngël boppam, daldi ne :

- "Gis ngeen ni say wi jafe woon damm ; soo leen booloo, kenn du leen mënél dara, ni say wii rekk ngeen di mel. Waaye, su fekkee ku nekk a dem moom doyy, mu loru dey yomb lool."

Kon, na ngeen jubóo, nekk benn, ndax mbooloo mooy doole.

Tekkin yeek tèggini baat yii  
màndute : ku jàpp njàmburam, ku teey  
saa : saa si, saa, lu yàggul.  
boole : dajele

### Tàggatu yi :

#### Faramfàcce :

Lan la góor gi def ngir jubólee njabootam ?

Ndax tàjj bi ànd na ak jukki bi ?

Xuloo lan lay indi ci mbooloo ?

Lan mooy njériñu mbooloo cim réew ?

#### Jéemantu yi :

• *Bindleen benn léeb buy firi tàjj bi*

• *Jubbantileen kàddu yii :*

mooy / doole / mbooloo

1        2        3

nit / mooy / garabam / nit

1        2        3        4

• *Tenkleen jukki bi .*

## Doom ji

Ey baay ! Ey yaay !

Bàyyileen xel ci seen doom

Ndax man maay seen alal

Bu seen itte tax ba ngeen bàyyi ma ak sama sago

Ca daara ja, mbaa ca kér ga,

Dinaa walaakaana ba jaaxal leen

Kon bu leen ma bàyyi man rekk.

Waa-jur yi, toppotoo leen seen doom

Bu leen fàtte ne, su dee fo ak yeen

Dafa leen di dello jamonoy ndaw

Ndax ngeen fàtte seeni jafe-jafe àdduna.

Jamonoy xale, jamonoy mbégté la.

## Xeesal

Ñuul naa, ñuul naa

li ma ñuul doy na maa,

Jiggéen ju ñuul yaay nu mu mel neex na maa

Yaay ñuul, baay ñuul

Doom xëy di xeesal

Xeeb sa der bu ñuul

Ngir roy tubaab bee

Boo xamoon li lay yoot

Dinga båyyi xeesal

Kanam timpi, tampa

Loo am mu dem caa.

# Domen nasonaal



## Ku moom suuf si ?

Abdu dafa doon doxantu, daldi dajeek Musaa. Nu taxaw waxtaan ba mu yàgg Abdu ne :

- "Waaw Musaa, man dama gis fale suuf soo xam ne dana war a nàngu gerte lool. Yaakaar naa ne fofu laay bay renn".
- "Foofee ngay wax de, Fóodée ko moom".
- "Waaye bayatu ko, dëkku ci, defu ci dara, kon war naa ko mën a jefandikoo".
- "Déet saa waay ! Bul jàdd yoon !"
- "Jàdduma yoon de, dama xam fi may jaar".
- "Fooy jaar ngóor si ?"
- "Moo ! Xanaa masoo dégg ñu wax mbiriy domen nasonaal ak kominóté riraal ?"
- "Axa kañ, wànte xamuma lu ñuy wund."
- "Xaaral ma faramfàccel la ko."

Tekkin yeek tèggini baat yi :

Wund : firi, tekki, èmb

Faramfàccel: leeral wax, ci faramfàcce la jóge.

## Tàggatu yi :

### Faramfàcce :

Ñan ñoo doon waxtaan ?

Ci lan lañu doon waxtaan ?

Lu tax Musaa ne Abdu mu ingi jàdd yoon,


Bu doon yéen noo leen di def ?

Tënkleen jukki bi

### Jéemantu yi :

- *Yan xeeti araf ngeen ruññee ci jukki bi ?*
- *Tarileen A, B ,C, D.....*
- *Nuata arafi bennoo la wolof am ?*

# Domen nasonaal



## Luy domen nasonaal ?

Fukki fan ak jurōom-ñaar ci weeru suwéj ci atum junni ak jurōom-ñeenti téeméer ak jurōom-benn fukk ak ñeent, réewu Senegaal dafa térél fukki sàrt ak jurōom ñaar yu ñu tuddee luwaa Domen Nasonaal. Sàrt yooyu, ñu ngi jublu ci mbirum suuf ak nees koy jéfandikoo. Ñu ténk fukki sàrt yeek jurōom-ñaar.

Suufu domen nasonaal dafa ëmb ñeenti xaaj :

- wàllu suufu dëkki taax yi;
- wàllu suuf su ñuy aaree garab yeek mala yi;
- wàllu suuf su ñu féetale dëkkuwaay yi, mbay mi ak càmm gi ci kaw gi;
- ak suuf soo xam ne ndencaan la.

Suuf si ñu féetale waa dëkki kaw yi ci loxol kominóte riraal bi lañu ko teg ci ndigalu nguur gi. Moo tax ku bëg suuf sooy liggéey mbaa sooy dëkk dangay dem ci njiitu kominóté riraal bi.

Xamal ni suuf su ñu dëkk, di ko jëfandikoo kenn du ko joxe.

### Tekkin yeek tèggini baat yi :

domen nasonaal : moomeelubuur

ci nasaraan la joggé

luwaa : dogal la bu èmb ay sàrt yu bare  
baat boobu itam ci nasaraan lañu ko jèle

### Tàggatu yi :

#### Faramfàcce :

Kañ lañu jël sàrt yi nekk ci domen nasonaal ?

Boobaak leegi ñaata at la ?

Ñaata sàrt la luwaa domen nasonaal èmb ?

Ñaata xaaj lañu seddélé suufi domen nasonaal ? Limleen ko.

#### Jéemantu yi :

• Rëddleen baat yi èmb a-aa-à

Ian moo leen wutale ?

Loo leen seetlu ci à?

• Joxeleen ay baat yu am (a-aa-à) te demee nii jam-jaam-jàmm.

# Domen nasonaal



## Mboolowu dëkki kaw yi

Kominôte riraal mooy mbooloo dëkki kaw yi ci réewum Senegaal. Ndogalu kominóté riraal mu ngi soqekoo ci luwaa bu ñu naan juróom ñaar fukk ak ñaar - ñaar fukk ak juróom (72-25) bu fukki fan ak juróom ñeent ci weeru awril ci atum junni ak juróom ñeenti téeméer ak juróom ñaar fukk ak ñaar ci weeru awril (19 awril 1972).

Kominôte riraal ci luwaa domen nasonaal lay sukkandiku ndax doxalinam ci loxol koosey riraal lañu ko teg.

Kominôte riraal day boole dëkki kaw yu bokk gox, bokk koom-koom, bokk yéené te di def seen kem-kàttan ngir yéené boobu sotti. Kominôte riraal taxawaayam mooy :

- saytu suufu domen nasonaal, di ko joy ñi ko bëgg jéfandikoo;
- taxawal ay jumtukaayi mbooloo : neegu fajukaay, teen mbaa foraas;
- xàjjale suufu mbay mi ak suufu càmm gi.

Kominóte riraal nak koosey riraal moo koy jíte. Nit ñi dëkk ci kominóte riraal ñooy fal ci wote koosey riraal bi. Lépp lu jublu ci koom-koomi kominóte riraal bi ci ndogalu koosey riraal bi la nekk : mooy nangu lempo yi, di àtte, di daan ñi jàdd yoon.

Tekkin yeek téggi baat yi :

lempo : xaalis bi boroom kér yi di fay  
kominóte riraal at bu nekk.  
soqekoo mbaa soqiku : bâyyeeku ci lénn  
kem-kattan : lépp lu nit àttan te di ko  
def ak pas-pas

## Tàggatu yi

Faramfàcce :

Lan mooy koosey riraal ? Nân a ko war a fal ?

Luy taxawaayu koosey riraal ?

Yan jumtukaayi mbooloo la kominóte riraal bi def seen dëkk ?

Jémantu yi :

• Yan xalaat ngeen am ci seen kominóte riraal ? Ténkleen leen ci ñetti kàddu.

• Jubbantileen kàddu gii.

bokk koom-koom/ seen kem-kattan/kominotó riraal/te di def

1

2

3

4

mën a sotti/ ay dëkki kaw/ ngir yéené boobu/ yu bokk gox

5

6

7

8

day boole/ bokk yéené.

# Mbay mi



## Cosaanu mbay

Ca njalbéenu àdduna, doomu aadama daawutoon bay. Dëkk amutoon, ku ne sa bopp rekk.

Benn bés, ab rëbb gis benn béréb bu bari woon ay picc, ay ganaar, ay petax yuy lekk rekk.

Rëbb bi daldi ne :

- "Li ñii di lekk de, su ma ci suyoon saa boorub néeg, duma sonn ci rëbb".

Mu daldi def noonu. Bi nawet ñowee lu mu fa suyoon sax nekk gàncax, gàncax def gub, gub yi ñor.

Mu am bés, xiif sonnal ko, mu dagg ci gub yi lekk, mu neex.

Mu ciy lekk ay weeri-weer ba mu des tuuti, mu denc ko ba nawet mu suyaat ko. Looloo indi mbay ci àdduna.

Ba mu wuteetul lu mu lekk, ci la xalaat a jàpp ay mala, yeew leen, di leen yar. Noonu la nit tàmbale toog benn béréb, ba dëkk yi sancu, bokk daldi feeñ.

Kon war nanoo fonk mbay ndax li am tey yépp yàlla ak mbay  
a tax. Te ba leegi mbay mooy reeni koom-koomi àdduna ji.

Tëkkin yeek tèggini baat yi :

*gub : meññent dugub mbaa mboq  
àdduna-àddina : suuf si ëmb doomu aadama  
baatu àdduna ci araab la jôge muy ad-  
dunyaa*

Tàggatu yi :

Faramfàcce :

Lu indi sanc dëkk yi ci àdduna bi ?

Lu waral rëbb biy suy ci booru néegain loolu picc yi doon lekk ?

Jéemantu yi :

• *Génneleen baat yi am araf yi ñu seexal .*

• *Jubbantileen kàddu giî:*

Mu / ko / xiif / dagg / bés / am / sonnal / gub / neex / mu / lekk


1      2      3      4      5      6      7      8      9      10      11  
yi / ci.

12    13

• *Joxeleen ay kàddu yu ànd ak baat yii :*

Njalbeen ; koom-koom

# Mbay mi



## Tos

Tos am na solo lool cim mbay. Ginnaaw àngare ji dafa yombul, mënees naa am tos guy rafetal tool te jafewul : wutal say gattax yu bari sànni ci sa tool. Jélal sa jur nga bàyyi ko mu fay doxontu ak a tèdd.

Bu yàggee, jur gi dina nefere ci kaw gattax yi, joggat leen ba ñu mokk. Ci noonu, tos nga sa tool.

Soo amulee jur nak, ba tey, mënees naa am tos. Gasal ag kàmb sotti ci ay gattax, nefere ak yeneen xeeti mbalit yi. Suulal tuuti kàmbgi te di ko roose leeg leeg. Ni cin loo teg ci safara, tos gi dina ñor ci biir kàmbgi.

Gëstukat yi, ci wàlli mbay, nee nañu amul wenn xeetu tos wu gën woowu. Kon béykat su bëggée toolam naat, war na fonk tos.

Tekkin yéek téggi baat yi :  
solo : njériñ  
tos : xeetu àngare ju masin liggéeyul

## Tàggatu yi :

### Faramfàcce :

Naka ngeen di def ba am tos soo leen amee jur. Soo leen amul nak ?

Jàngleen ag kàddu ci jukki bi buy firndéel seen tontu.

Ci seen dëkk, naka la beykat yi di liggéeye tos ?

### Jéemantu yi :

- *Bindleen beneen tàjj bu ùnd ak jukki bi*
- *Bindleen ñaari kàddu yi mujj ci jukki bi.*

# Mbay mi



## Lolli

Jamonoy lolli, kenn du des ci dëkk bi. Néppay xëy ca tool ya.  
Nit ñi dañuy sonn lool, sonn ndax tàngoor bu metti bi ci tool yi,  
sonn ndax liggéey bu bare bi.

Jamonoy lolli, ñii dañuy góob, ñee di déqi, ñii di dajale def ay  
jall, ñee di làpp, ñéle di naaf. Jamono lolli, beykat day nekk ci dagti-  
dagti bu metti. Dolli ci, beykat jaaxle, ndax xalaatam yeep a nga  
ca jur gay bëgg ruur tool yi.

Xalaatam nekk ci gaawantu dajale yóbbu ngir denc ci sàq yi.  
Beykat bi dafa noppi liggéey, fatu balaa door di yëg mbégté ci  
boppam.

Tekkin yeek tèggini baat yi :  
Lolli : Jamono ji topp ci nawet  
dagti-dagti : kur-kur bu metti

## Tàggatu yi :

### Faramfàcce :

Lu tax nit ñiy sonn ? Ban liggéey lañuy def ?

Lu tax beykat di jaaxle ?

Ñaata jamono ngeen xam ? Lu leen wuutale ?

Tenkleen jukki bi.

### Jéemantu yi :

#### • Mottalileen kàddu yi :

Jamonoy lolli ..... des ci dëkk bi.

Xalaatam nekk ci ..... dajale yóbbu ngir denc ci .....

#### • Jubbantileen kàddu yi :


fatu / balaa / bey kat / mbégté / boppam / di / yëg / door / bi / dafa

1            2            3            4            5            6            7            8            9            10

liggéey / noppi / ci

11            12            13

## Mbayum ljum



## Mbayum noor

Mbayum noor lu ñu war a fonk la, ndax noor moo gën a yàgg nawet.

Ni gerteek dugub, noonu la mbayum noor bare xaalis te liggeeyam mettiwul.

Li ci am solo mooy, balaa nga ciy dugg, fexeel ba am té xam yii yëf :

- am ndox mu doy te neex
- mën a tutu
- mën parka
- xam yaatuwaay ak guddaayu Palaŋ
- xam ñaata fan la xeetu lejum bi war a def ci palaŋ bi
- xam yan xeeti jàngoro ñoo mën a dal lejum bi.
- xam yan póródi lañu koy faje.
- xam nan lañuy dence ljum bi ngir mu bañ a yàqu

- kon, képp ku am te xam li ni wax ci kaw, mbayum noor  
yomb na la.

Tekkin yeek tèggini baat yi :  
Palaq : fi ñuy jëmbët lejum yi  
tutu : ji  
póródi : xeeti ndox mbaa puudar bu  
ñuy aare lejum yi.

### Tàggatu yi :

#### Faramfàcce :

Lu tax ñu war a fonk mbayum noor ?

Lan lañu war a am mbaa ñu xam ko bala ñuy dugg ci mbayum noor ?

Loo leen xalaat ci mbayum noor ?


#### Jéemantu yi :

- Joxeleen beneen tàjj buy firi jukki bi

- Ténkleen jukki bi

Fekke ngeen am mbootaay mu bëgg a dugg ci mbayum noor? Noonu,  
ñu ne ngeen xelal leen. Nettalileen.

# Mbayum ljum



## Njóobéen-taay

Njóobéen-taay béréb la bu ñuy jaaye ay ljum ca märse Caaroy-gaar ca Ndakaaru. Bu jànt bi di feñk ba ba muy so, woto yi dañuy indi ljum rekk di ko fa sotti.

Märse Ndakaaru yi, foofu la ñuy jëlsee ljum. Wànte li doy waar ci Njóobéen-Taay mooy njëgu mbayeef mi taxawul : tey mu yokku, ëllëg mu wàcc, suba gi mën na néew, ngoon gi mu yéeg. Looloo tax genn góor ci märse bi joxe leeral bii :

- "Mbirim njaayum ljum mu ngi aju ci njënd mi ak njaay mi maanaam laaj ak joxe. Laaj bi mu ngi wekku ci jëndkat bi, joxe bi ci njaay mi. Bu njaay mi baree te jëndkat yi neew, njëg gi day daanu. Bu jëndkat yi baree te ljum bariwut njëg gi day yéeg. Su ñu amoon ay dencukaay yu bare mënees na moytu yéeg beek wàcc bi te di jaayee genn njëg".

Tekkin yeek téggi baat yi :  
Taxawul : lu dëgérul. Ci jukki mu ngi  
wund loo xam ne nekkut benn béréb,  
day soppiku rekk.

## Tàggatu yi :

### Faramfàcce :

Lan moo doy waar ci Njóobéen-Taay ?

Lu tax léeg-léeg njëg gu njaay mi yokku, léeg-léeg mu daanu?

Génnéleen ci jukki bi baat yi aju ci mbirum njaay ak njënd.

Ci seen xalaat yan pexe la góor gi di wax ?

### Jéemantu yi :

- *Tënkleen jukki bi.*
- *Nettalileen ci juróomi kàddu li ngeen gis ba ngeen demee seen 'uumu gox.*

# Mbayum lujuum



## Ndencum lujuum

Lujum lu gaaw a yàqu la, ba tax na ñi ko am di ko yàkkamti jaay, mbaa di ko jaaye njëg **gu** bon. Looloo waral ñu koy wutal dencukaay.

Dencukaayu luum dafa war a sedd.

Bu dee dëkki taax yi la, mbir mi yomb na fi ndax foofu am na ay néegu dencukaay.

Bu dee ci dëkki kaw yi la, ay lujuum yu dul gaaw a jàqu, dees leen di denc fu sedd, wow, te ngelaw di fa jaar. Bu dee ay lujuum yu mel ni tamaate, mën nañu leen soppi, def leen loqoti wàlla ñu weer leen ba ñu wow.

Meneen pexe mi mooy boroom tool yi waruñu gaaw a déqi mbaa witt seeni tool, da ñu wara waxànte ak baana-baana yi ndax

ñuy jend lujum yi ci tool yi, wàlla ñuy bay ay lujuin yu ñu gën a soxla ci kér yi.

Tekkin yeek téggi baat yi :  
loqotí : tamaate bu ñu togg ak ndox  
ba mu ñeer ñu dolli ci diwlin.  
deqi : dindi lu suulu woon  
lujum : lejum : mbayeef noor la.

## Tàggatu yi :

### Faramfàcce :

Lu waral nit ñi di gaaw a jaay seen lujum yi ?  
Pexe mu njékk mi ñaata fànn la ëmb ? Lim leen.  
Ñaareelu pexe mi lan la ëmb ?  
Waxleen yeneeni pexe yu gennul ci jukki bi

### Jéemantu yi :

#### • Mottatileen kàddu gi

Meneen ..... mooy boroom tool yi waru ñu gaaw a deqi mbaa .....  
seni tool ..... ndax ñuy jend ..... tool yi

#### • Jubbantileen kàddu gi :

waral/ koy/ ñu/ wutai.      doo/ dencucaay

1    2    3    4    5    6

#### • Tenksteen jukki bi.

# Woyu baykat yi


Bés bu yàlla sàkk  
Jàmbaar yaa ngi bay di woy.  
Bay waar, bayati waar,  
Walbatiku taxaw xaar,  
Cey lii doy na waar !

Waar masin du ko bay  
Illeer ak dabaa koy def  
Cey ! yeen, kenn mënu leen fay.

Mbay suñu yokkute la  
Bu ñu ci kenn génné  
Loolu suñu sutura la  
Moom la ñu yàlla yéene.

Bu ñu kenn ree  
Bu ñu caaxaan yóbbale  
Nañu fonk lu ñu doon  
ndax ñu mën koo jariñoo.

## Tekkin yeek tēggini baat yi:



**Powum dēkkal baat : dugalal baat**

yii bu nekk ci biir kēram


Ci tēddaay bi baat yii la ū am

AGG-AJI-JI-LEER-AGGUMA-MOOMIN

Ci taxawaay bi amees nanu baat yii

AM-MA-IJJ-EGG-NIIN-REGG-MASLAA

**Powum dēkkal baat yii :** defal ni po mi  
nekk ci kaw. **baati tēddaay bi :** NA - MI -  
OM - RAB - MEETAR - AN - MĒNGAN  
**batti taxawaay bi :** NE - AT - NOB -  
ALOM - MIIR - MOROOM



# Càmm gi



## Sardi

Saa yu liggeeyu tool yi jegee, jigéen ŋu bare ci dëkk bi dañuy jox scen jur sardi bi, ndax seen liggeey mayatu leen ŋuy toppatoo jur gi. Ba tax na dañuy jël sardi di ko fay.

Suba su ne, sardi bi ŋëw raxal wuti joor ga. Ci joor gi, mu bâyyi jur giy for, ndânk-ndânk.

Balaa jànt a so mu jofal si, ku nekk jëlaat sag jur. Noonu la ko sardi bi di defee ba juróom benni wéer yi dëppook liggeeyu tool yi jeex.

Liggéeyu sardi am na solo lool, xanaa boole ci di woo waa elëwaas weer wu ne ngir faj jur gi.

Tekkin yeek téggi baat yi:  
jofal si : jubal jur gi wuti dëkk bi

## Tàggatu yi :

### Faramfàcce :

Ñan ñooy faral di toppatoo jur gi ? Lu tax ?  
Fu sardi bi di yóbbu jur gi ?  
Nu ñu war a def ngir càmm si gën a jaar yoon ?  
Ndax am na yeneen xeeti càmm ?  
Ténkleen jukki bi.

### Jéemantu yi :

- *Mottalileen kàddu yi :*

Ba tax na dañuy ..... di ko fay  
Suba su ne, sardi bi ñew ..... wuti ..... ga.

- *Jubbantileen kàddu yi :*

mu / joor / giy / bàyyi / jur / for / ci / ndànk-ndànk/ gi

1            2        3        4        5        6        7            8            9

jël / fay / ba / na / sardi / di / tax / ko / dañuy

1    2    3    4    5    6    7    8    9



## Yafal xar

Bokk na ci itte beykat bi, gànnaaw ba liggeeyu tool yi yeggee mu jublu ci yafal xar, fekk mu roñ ngoon mu bare deñc këram.

Yafal xar nak, dafa laaj jot gu doy ak i jumtukaay yu yemb. Ba tax na, gànnaaw bu beykat amee ngoon, du def lu dul dem elëwaas wuti garab yuy ray ñaw yEEK yenn doomi jängoro yi mën a dund ci biiru xar yi.

Bu noppee muy xont bu baax, di wëgg ak ndox mu ànd ak rakkal wàlla sëb bu ñu wol, ñaari yoon, bés bu ne. Bokk na ci li am solo ci yafal : sang ayu bés bu ne xar yi ngir ñu feex, dina tax ñu gën a sawar.

Njariñu yafal xar, ken werenteetu ko, xanaa di wax ne beykat bi war na cee gën a yabu.

Ànd ak dogu gu mat sëkk, ak xerañ ngir gànnaaw ba mu yafalee xaram mu mën koo jaay ci njëg gu baax.

Tekkin yEEK tëggini baat yi:  
yafal : duufal  
wëgg : nàndal

## Tàggatu yi :

### Faramfàcce :

Luy ittey beykat bi gannaw ba liggéeyu tool yi yeggee? Lu tax ?  
Lu tax beykat bi war a dem eléwaas ?  
Nu ñuy yafalee xar ? nag ? Ténkleen jukki bi.

### Jéemantu yi :

- *Mottalileen kàddu yii:*

Fekk beykat bi ..... ngooñ mu ..... denc këram  
yafal xar nak, dafa laaj ay ..... yu dooy

- *Jubbanlileen kàddu yii :*

Fekk / ngooñ / bi / roñ / bare / kérém / denc / bey kat / mu

1            2            3            4            5            6            7            8            9

ndoxt/ wëgg/ ànd/ ak/ di/rakkal/ bu/ak

1            2            3            4            5            6            7            8



## Baabakar ak yafalu juram

Waxtu teret jot na. Baykat yëpp sëf nañu seen gerte yóbbu ca seko ba.

Baabakar nak, gànnaaw ba nu jógée ca seko ba, dafa fas yéené jëndiy jur ngir yafal leen. Moone xalaatam rafet na, ndax bëggul yàq xaalisam ci yu ñàkk fayda. Noonu, mu dem ca daral ba jëndiy xar.

Bés bu jot, mu jox xar yi ñu lekk ba suur, naan ba mändi.

Ag suba, xar yi tàmbali di dee ; Baabakar jaaxle lool, yaakaaram tas. Ndekete jur gi dafa feebatoon lu jiit mu koy jënd.

Daanaka ba mu desee ñetti xar la am ku ko xelal mu seeti weterineer bi, maanaam doktooru jur gi.

Noonu mu yenu xar yi, yóbbu leen ci fajkat bi nettali ko li leen dal. Weterineer bi ne ko :

- "Yafalum jur du xont ak wëgg do' , wérgi-yaramu mala yi it

ci la."

Nit balaa dugg ci yafalum jur, dafa war a fexe xam yan xeeti  
melo ñoo méngóok diiwaanam rax-ci-dolli yan jàngoro ñoo fa gën  
a sonnal jur gi.

Tekkin yeek téggi baat yi :

wëgg : jox ndox ngir mu naan

daral : fa ñuy jaaye, nag, xar

ak býy maanaam jur gi

weterineer : nit kiy faj mala

## Tàggatu yi

### Faramfàcce :

Fan la Baabakar jóge balaa muy dem daral ba ?

Lan la Baabakar fas yéené def ?

Lan moo dal xar ya ?

Lan la ñu ko xelal ?

Lan la ko weterineer bi wax ?

### Jéemantu yi :

- *Jubbantileen kàddu gi* :

Yafalum / mala / yi / la / ci / do / wér gi yaramu / it / xont / ak

1            2        3     4    5    6                      7            8     9    10


jur / du / wëgg

11    12    13

- *Bindleen lëebu ngir misaal ne Baabakar xamul woon ne wérgi yaramu mala yi ci la bokk.*

- *Tënkleen jukki bi*

# Ñaw ak cuub



## Yooni piis

Booy dagg di ñaw, li nga war a seetlu mooy yooni piis bi.  
Loolu lu am solo la ndax mooy tax ba soo daggee, ñaw bi yomb.

Piis boo gis ràbbees na kook yaari yoon yo xam ne dañuy  
duggante. Yaari yoon yooyu ñooy guddaay beek lees bi.

Boo xëccee ci guddaay bi, piis bi du def dara ; boo xëccee ci  
lees bi dafay daldi taweeku ni lastig.

Looloo waral bu ñuy dagg yéré ngir ñaw ko, ci guddaay bi  
lañu koy defee ndax piis bi du xëccu te yaari wet yi nekk ci guddaayi  
piis seeni wëñ du rocceeku.

Kuy bëgg ñaw nak sisó, wëñ, kare, karne, pusó ak nattukaay  
war na la. Ñawkat war na xam itam xeeti ñaw yi am. Ñawkat day  
jàng dagg te bañ fàtte ni dagg ci kaw taabal lees koy defee.

Tekkin yeek tèggini baat yi :  
kook: ko-ak bu ñu dëxëñ  
yaari : ñaari - mooy lim bi topp ci  
benn te jiitù ñett.

## Tàggatu yi :

### Faramfàcce :

Ñaata yoon la piis am ?

Lu tax boy dagg piis, deesu ko dagg ci yaatuwaay bi ?

Yan jumtukaay la ñawkat war a am ?

Yaakaar ngeen ni masin ak nit ñoo niroo ni ñuy rabbé?

Balaa piis di am, nit lu mu doon sol ?

### Jéemantu yi :

- *Jubbantileen kàddu gi :*

la/ndax/ñaw bi/loolu/yómb/mooy tax/lu am/ba soo/solo/daggee.

1      2      3      4      5      6      7      8      9      10

- *Tënkleen jukki bi*

# Ñaw ak cuub



## Ñaw

Ci ñaw raññees nañ ci ñaari xeet : muy ñawu taqale ak ñawu jeexal.

Ñawu taqale day boole ñaari dogi piis. Ci ñaw boobule raññee nañu ci ñetti fann :

- ñawum àngale : tegleel bitiy piis bi, ñaw leen mu xaw a jage weti piis bi. Boo noppe walbatil dog yi feetale leen biir, door di ñaw ci kawam;

- ñawum dëppu, dees koy jefandikoo ci ñaw yi di tafu ci yaram. Tegleel bitiy ñaari dogi piis. Wetu benn bi day xaw a sut tuuti. Boo ñawee ba nopi jélal wet wi weesu dëpp ko ci kaw weneen wi boole leen ñaw ;

- ñaw biy boole ñaari guddaayi piis. Tegleel ñaari guddaay yi ci biti. Ñaw bi day jaar ci kaw guddaay bi te ñaw bi day xaw a tèdd. Booy ñaw, tambaleel sa ndejoor jubal sa cammoñ.

Ñawu jeexal mooy lu ñuy wax omb maanaam urle : soo

bëggée, lemal piis bi ñaari lem yuy jubal ci biir. Lem bu jëkk mooy gënn a sew ñaareelu lem bi. Amees na ñetti xeeti urle : urle jam, urle ñaari jam ak urle naxaate.

#### Tekkin yeek téggiini baat yi :

Àngale : Xeetu nit ñu weex-la, dëkk reewum  
Àngalteer

Tàmbaleel : Ndigal bu ñuy jox kenn ngir mu  
door lenn tàmbaleel nak téggees na ko ci  
tàmbale - tàmbali ñu yokk ci "al"; "al"  
boobu nak fu ñu ko gis day digle.

#### Tàggatu yi :

#### Faramfàcce :

Ñaata xeeti ñaw lañu am ?

Naka lañuy defe omb ?

Nees tudde ñaw yi tafu ci yaram ?

Ci seen xalaat lees waral ñaw ?


#### Jéemantu yi :

• Joxeleen ay baat yu ñuy boole ak al te ñuy digle

• Jubbantileen kàddu gi :

jubal / bëggée / piis bi / yuy / ñaari / lemal / ci biir / lem / soo

# Naw ak cuub



## Cuubkat bi

Sama bajjen cuubkat la. Boo duggee ci biir kēram dangay gis mbàndu cuub yeek yéré yu bari yu weeree : yii ngeek melo mboq, yii melow nêtëx, yii palmaan, yii baxa.

Tabaski soreetul. Nit ñaa ngi koy indil seeni yéré ngir mu soppi seeni melo, ñeneen ñi ngir mu yeesalaatal leen ko.

Bajjen xëy na tey ngir tâmbali liggeeyam. Yéré yi war a am mändarga mbaa ay melo yu bari, dafa leen jox ay pël fuuta ñu takk yenn weti piis yi. Jënd na itam ay meloy cuub.

Leegi nak, ndox maa ngi saxaar, bajjen sotti na ci xeme ak sege, xaar tuuti sotti, ci cuub gi. Li des nak mooy def ci yéré yi ba ay saa, génné leen, lenqali leen, door di leen weer. Bu yéré yi wowee, mu xoojaat leen ci biir tâkkâl ngir ñu melax. Su loolu noppee, ba yéré yi wowaat, mu door di leen tâpp.

Tekkin yeek tèggini baat yi :

nêtëx : melow xobi garab

sege : ci bàmbara, sege itam daa mel ni xeme rekk

## Faramfàcce :

Luy liggéeyu bajjen ?

Kañ la bajjen waajaloon liggéeyu teyam ?

Limleen liggéyu cuubkat.

Noo leen gisee liggéeyu bajjen ?

Ndax xam ngeen benn cuubkat bu mën a cuub ?

## Jéemantu yi :

### • *Jubbantileen kàddu gi :*

mu / biir/ melax/ xoojaat/ yéré/ ngir/ ñu/ tàkkal/ wowee/ bu/ ci/

1      2      3      4      5      6      7      8      9      10    11

yi/ leen

12    13

### • *Weccentey baat :*

Bajjen	xey tey ngir	tambàli	liggeeyam
--------	--------------	---------	-----------

### • *Tenkleen jukki bi .*

# Dénc, leb, saytu



seen bitig

## Bànk sunu njériñ

Aysatu, soxna la suy jula. Daanaka ci baana-baana yu mag yi la bokk ci rondismaa bi.

Altiné bu nekk, Aysatu dey dem bànk ba.

Benn bés, nijaayam ne ko :

- " Waaw ! Jarbaat looy def ca bànk ba ?"

Noonu, soxna si ne ko :

- " Xanaa denc sama xaalis".

Nijaayam neeti ko :

- "Denc ! Xanaa wóoluwoo ma ?"

Aysatu tontu ko :

- "Walaay du ñakk kóolute. Waaye, denc bànk dafa émb ay njériñ yu bari. Dëkk, bu bëggee koom-koomam dox, nit ña dañoo war a bañ a rënk seen xaalis. Beneen njériñ li mooy, soo denkaanee

ca bànk ba, sa xaalis da lay jural. Daanaka, njériñ yi bari nañu lool, ba tax na, booy denc, bul gas mukk di suul".

Noonu, nijaay ji ne :

- "Kon, maa ngi daw léegi, jéli li ma dencoон sama waxande, yóobu ca bànk ba, ndax bànk njériñ koom-koom do la.

Tekkin yeeк téggiñi baat yi :

jula : jaay  
koom-koom : lépp lu bokk ci njénd,  
njaay ak liggeey.  
waxande : dencukaay

## Tàggatu yi

Faramfàcce :

Kan mooy Aysatu ?

Lan lay def altiné bu nekk ?

Joxeleen benn njériñ ci denc sa xaalis bànk ?

Lan la nijaayam mujj def ?

Naka ngeen gise ñiy denc seen xaalis ci kér gi ?

Jéemantu yi :

• *Jubbantileen kàddu gii:*

koom-koomam/ dëkk/ bëggee/ bu/ war/ a/ bañ/ dox/ a/ rënk/ seen/

1 2 3 4 5 6 7 8 9 11 13


xaalis/ dañoo/ ña/ nit.

14 15 16 17

• *Bindleen beneen tàjj buy firi jukki bi.*

• *Tëunkleen jukki bi.*

# Dénc, leb, saytu



## Kuréel yuy leble

Faatu, xaritu Aysatu la. Noom ñaar ñépp dañuy jaay.

Benn bés, palaasu Faatu lakk ba jeex tåkk. Daanaka, ginnaaw urus yeek yéré ya, Faatu amatul dara.

Noonu, mu ñów seetsi xaritam ngir ñu ànd jaayi li mu dese.

Ba mu ko waxee Aysatu, kii lank, xam xéll ne kenn du ko fay njëg gu baax.

Aysatu ne tekk ba yàgg, ne ko :

- "Xanaa xamuloo ni am na ay kuréel yuy liggéey ci mbirum leble ? Ni seko bi di lebale beykat bi jiwu, noonu la kuréel yooyu di def ci mbirum xaalis. Waaye su ñu la lebalee, seen xaalis dey jur : maanaam dinga ci teg dara, boole ci, balaa ñu lay lebal, faww nga firndéel ni mën nga leen a fay. Lebal bi nak, doon na gën a yomb su fekkoon ngay denc sa alal ci kuréel ga".

Tekkin yeek tèggini baat yi :  
firndéel : wone  
kuréel : mbootaay  
teg : yokk

## Tàggatu yi :

### Faramfàcce :

Lan moo dal Faatu ? Kan mooy xaritam ?

Lan la Faatu neroon a def ?


Lu ko xaritam Aysatu xelal ?

Lan mooy njériñi yooyu kuréel ?

### Jéemantu yi :

- *Bindleen beneen tàjj buy firi jukki bi.*
- *Bindleen ñenti kàddu yu mujj ci jukki bi.*
- *Tënkleen jukki bi.*

# Dénc, leb, saytu



Saytu

Saytu,

Ku la fonk nga gindi ko ci lëndëm.

Saytu,

Tey man beykat bi maa lay gérëm.

Ndax tey fu samay dérëm dugg, man xam naa ko.

Saytu,

Bu jëkkoon, beykat sonnoon na lool,

Sonnoon na ndax dañu ko doon nax

Saytu,

Tey, man baana-baana bi ameel naa la njukkël

Ndax dimbali nga ma ba ma mën a julóog ku nekk.

Tey mân, soxna si ci kér gi, xamal nga ma ci njël,  
jumtukaay yeek lépp lañu war a saytu.

Saytu,

Lëndëm amul néeg sa kér, lépp a leer ni jànt.

Saytu,  
Népp gérém nañu la, jaaraama.

Tekkin yeek tèggini baat yi :  
gindi : dindi, génné  
njukkél: ngérém

### Tàggatu yi :

#### Faramfàcce :

Lan la beykat bi wax ci saytu ?  
Lan la soxna si ci kér gi wax ?  
Loo leen xalaat ci saytu ?  
Waxtaanleen ci kàddu gii :  
Bu la saytu yiliful, njàqare doon sa kilifa

#### Jéemantu yi :

- Bindleen benn kàddu mbua baat buy firi tàjj bi.
- Ténkleen jukki bi

# Ñëwleen

Ñëwleen ! Ñëwleen !

Yeen ñi bëgg xam,

Xam-xam, am na njariñ.

Nañuleen lëngoo ngir suuxat sunu tool.

Ñëwleen ! Ñëwleen !

Réew mi soxla na ay yoxo

Dëkk bi soxla na ay boroom doole.

Ñëwleen ! Ñëwleen !

Ndax su nu liggeyee, jariñoo.

## Powum raññee baat

T	U	R	A	N	D	O	O	J
U	B	B	I	N	Y	M	O	O
U	A	I	U	A	X	O	M	M
T	L	W	D	O	U	E	O	U
I	O	S	D	A	L	O	O	X
E	O	M	A	O	L	M	Ñ	A
A	S	I	K	K	I	M	S	A
R	A	A	S	L	N	O	O	Y
I	A	P	O	S	A	N	E	U
N	M	A	A	J	A	B	A	R

*Jéemal suppi baat yii ci biir mboolooy araf yi*

*Xamal ni nakk baat yi mënées na leen bind ñu jöge kaw jublu suuf  
mbaa ñu jöge cummoñ jublu ndeyjoor.*

### Baat yi ci taxawaay bi

JOM  
AM  
AK  
NAA  
UBAL  
TUUTI

OOM  
MOON  
OOS  
BIW  
XULLI  
XAAY

### Baay yi ci tëddaay bi

NOOY  
POSAN  
NAAJ  
RAAS  
TURANDOO  
UBBI

UBBI  
MOO  
XOMM  
JABAR  
DALOO  
SIKKIM

Male xel ne ko : "Dem ! Dem rekk a koy faj !"

Ubbil say gët bu bax ! Detal ni say maas, Ablaay ñoom ñu nga  
réewu taax.

Tekkin yeek tëggini baat yi :  
céeboö: taw yii jëkk ci nawet  
njéeréer yi : ay gunoor yu mag yuy yax tool yi

### Taggatu yi :

Faramfàcce :

Kuy Móodu ?

Lu xelam werante bi mu tëddlee ?

Lu tax Móodu yakkamtee satu ?

Lu baax ci muñ ?

Tënkleen jukki bi ?

### Jéemantu yi :

• *Subbantileen kàddu yi*

Yomb/ jot/ lu

1      2      3

nga/ ñu/ réewu/ taax/ ñoom/ Ablaay

1      2      3      4      5      6

Male xel ne ko : "D'em ! D'em rekk a koy faj !"

Ubbil say gët bu bax ! Detal ni say maas, Ablaay ñoom ñu nga réewu taax.

Tekkin yeek tèggini baat yi :  
céeboö: law yi jékk ci nawet  
njéeréer yi : ay gunoor yu mag yuy yax tool yi

### Tàggatu yi :

#### Faramfàcce :

Kuy Móodu ?

Lu xelam werante bi mu téddee ?

Lu tax Móodu yakkamtee fatu ?

Lu baax ci muñ ?

Ténkleen jukki bi ?

#### Jéemantu yi :

• *Jubbantileen kàddu yi*

Yomb/ jot/ lu

1 2 3

nga/ ñu/ réewu/ taax/ ñoom/ Ablaay

1 2 3 4 5 6

# Tukki yi



## Móodu (topp li)

Móodoo ngi taxaw ci wetu tali bi, sol kompalet bu weex. Ku mu tallal kayit gi mu yor rekk nga dummóoyu. Móodu taxaw, ñaq tooy xepp, sonn lool ndax ceeñneeru jànt biy jam.

Noonu, benn xale bu jigéen bu baax ñëw jàngal ko li ci kayit gi : "Ablaay Jaañ, Yoof, koñ Ngaparu."

Ba mu noppee, mu tegtal ko yoon wi.

Ba mu gisee Ablaay, Móodu daa ree, gaa ñi tëb, leng ko, dalal ko. Ca ëllëg sa, ñu ànd dem géej ca seen liggéeyukaay. Ba ñu yeggee ci tefesu géej gi, gànnax yi jog, di dal, Móodu daanu xëm, ñu ximmëli ko.

Liggéey moom daanaka ñaakut ci tefes gi, wànte yan liggéey ?  
( yenu pañey jën, walla dox ay kilomeetar ngir buddi tàmbali mbaal yi, liggéey bu metti lool te pey gi demewut noonu).

Ba benn bés, dogalu yàlla dikk : gaal gi suux, am ñetti xaritu  
Móodu yu ci lab. Móodu ànd ak naqaru xolam, muñ, tèddi ngir  
waxtaan bu baax ak njegenaayam. Ci xaaju guddi, menn xalaat ub  
bopp bi :"dellu ! DELLU dëkk ba !"

Tekkin yEEK tèggini baat yi :  
Tàmbali : buumgudijj  
Suux : daanu ci biir géej  
lab : dee ci biir géej

### Tàggatu yi :

#### Faramfàcce :

Nu Móodu def ba mu gisec gannax yi ?  
Lan mooy woon seen liggeey ?  
Lu jigéen ji jàng ci kayitu Móodu ?  
Lu tax Móodu bëgg dellu dëkk ba ?  
Ténkleen jukki bi.

#### Jéemantu yi :

• *Subbantileen kàddu gi:*  
tali/ bi/ Móodoo / taxaw/ ci / wetu/ ngi / dellu /ba/ dëkk/ ngir

1    2        3            4        5        6        7        8        9        10      11

# Tukki yi



## Móodu (njeextal bi)

Ba ñu egsee ci dëkk bi, li ñoom Móodu jëkk amal mooy ndaje ca penc ma. Móodu nak, ba mu jëlee kàddu gi, gannaaw ba mu nuyoo, lii la fa wax :

"Benn dëkk amut, benn dëkk ñaakuṭ. Li am solo mooy diisōo, boole suñu am-am ak suñuy xalaat, ndax boo amee te xamuloo, ku xam jōgge ca àll ba ñew jariñoo li nga am, ndax xam-xam mooy tēye am-am. Kon nañu tabax daara ngir tasaare xam-xam ci dëkk bépp. Gannaaw loolu, nañu bàyyi di wekku dōñj cib nawet. Ngir loolu, nañu sàkk ay kureel :

- \* kuréel bu itewoo mbeyum noor;
- \* kuréel bu itewoo yafal xar yi;
- \* küréel bu itewoo yafal nag yi;
- \* kuréel bu itewoo mbirim masinu walukaay.

Nañu jëf, boole suñu doole muy benn ndax wolof njaay neena  
ndimbal na ca fekk loxol borom".

Tekkin yéek téggi ni baat yi :  
diisoo : Sottante xalaat  
xam-xam : xalaat yu rafet te jub

### Tàggatu yi :

#### Faramfàcce :

Lu ñoom Móodu jëkk amal ci dëkk bi ?  
Lu Móodu jële cib tukkeem ?  
Lu tax ndimbal war caa fekk loxol boroom ?  
Tënkleen jukki bi.

#### Jéemantu yi :

- *Jubbantileen kàddu yi :*

Tëye/ am-am/xam-xam/mooy

1            2            3            4

wekku/ doñj/ cib/ bàyyi/ nañu/ navet/ di

1            2            3            4            5            6            7

- *Mottalileen kàddu yii :*

Nañu jëf boolee ..... muy benn

Te it ndimbal na ca fekk ..... boroom

# Cetug wér



## Cet

Cet lu am solo la ci nit, kenn werenteetu ko, Moo tax ū war,  
fépp fu ū tollu, di ko sàkku.

- Cet bi jékk mooy set ci sunu yaram. Ci nan ?

\*bès bu ne raggu ak njàmpe boole ci saabu, gën gaa  
néew benn yoon ci bés bi;

\* di sol ay dàll, ay yéré yu set, di socc sunuy gëñ ak  
soccu bu set, te bañ ko bokk ak keneen.

- Cet ci kér gi :

\* di bale saa su ne tey dajale mbalit mi, utal mbalit mi  
defukaay bu ànd ak kubéer. Dolli ci bu mbalit mi baree,  
nga gas pax ci gannaw kér gi, sotti ko ci, taal ko;

\* di dajale yère yi tilim yi benn bereb te di leen fóot ayu  
bés bu ne ; di raxas ndab yi te di leen fomp ;

\*di ub ndaa yi ràpp. Jéema am wanag te di ko toppatoo  
di ubbi bunt yi ak palanteer yi ngir ceñneeru jant bi mën a  
dugg bu bax ;

Bu ñu setee ci sunu bopp, set ci kér yi rekk, dëkk bi set.

Nit ki ci jëfam. Wax cet te jëfewu ko, du jariñ dara.

Cet dañu koo war a jëfé fépp fu ñu tollu.

Tekkin yeek tëggini baat yi  
njàmpe : lu fluuy raggoo  
set : lu tilimul

### Tàggatu yi :

#### Faramfàcce :

Lu tax ñu war a sàkku cet ?

Ban cet moo jëkk ?

Lu ñu war a def ngir suñu dëkk bi set ?

Ténkleen jukki bi.

#### Jéemantu yi :

• *Jubbantileen kàddu yii :*


gi / set / kér / ci

1    2    3    4

tey / mbalit / di / su / ne / saa / bale / dajale / mi

1    2    3    4    5    6    7    8    9

# Cétug wér



## Sàqum garab yi

Dëkk bu nekk, rawatina dëkku kaw, war na am béréb bu ñuy dénc garab yi gën a jàppandal; ndax wér-gi-yaram nekk na lu am solo, iu kenn wérut a caaxaane, ba tax na ku nekk war nga faa def sab dërëm, ndax boo tawatee mën a faju.

Jamonoy dewaaluyaason ji ñu nekk metti lool, léppa jafe, rawatina garab yi. Ba tax na li doon jar fukk, jar tey ñaar fukk. Kon xoddiku balaa ngaa lakkale.

Waa dëkk bépp war na ñoo jóg ci taxawal sàqum garab ngir wallu képp ku am jafe-jafey faju, def ci sàqmi garab yi gën a jàppandal, yi deme ni : aspirin, niwaakin, alkool, merkirokorom, garabu biir buy daw ak buy metti, bopp, yaram buy meeti ak ñoom seen.

Tekkin yeek tèggini baat yi:  
dewaluyaaso : daaneelub xaalis bi.  
sàqum garab yi : bérébu déncukaayu garab

## Tàggatu yi:

### Faramfàcce :

Lu tax jamono dewaluyaaso bi metti ?

Lu war a nekk ci sàqum garab ?

Yan pexe la ñu war a def ci sàqum garab ?

Ténkleen jukki bi.

### Jéemantu yi :

Ñaata kàddoo am ci jukki bi ?

Yan pexe lañu wara lal ngir amal ci dëkk bi sàqum garab ?

# Cetug wér



## Sibbiru si

Ñaata yoon lañu dégg kàddu yu deme nii : "Moone feebarul woon de ! Sibbiru rekk ko jàppoon, sibbiru kese, sibbiru dòw".

Wànte ñàkk xam li mu waral bare na, ba tax na ñu neewal doole, ñàkkal faayda jàngoro jooju. Moone gëstukatu àddina bëpp ànd nañu ne sibbiru moo ëpp li tuy faat.

Boo jëlee réew mu deme ni Senegaal, juróomi nit ñu faatu, ñaar ñi sibbiroo leen ray. Ba tax na def li wolof njaay wax rekk mooy garab gi : "Xoddiku balaa ngaa lakkale".

Kon nañu xeex jàngoro jooju. Xeex sibbiru, mooy xeex ak li koy indi manaam yoo yeek ndox yu taa yi. Dolli ci, di takk sàanke ci lal yi, farataal itam di jël doomì niwaakin wàlla yeneen yu xetoo ak doom yooyu, jamono ju ne, rawatina nawet.

Feebar kat, boo ko xamee, war koo mën a moytu.

Tekkin yeek tèggini baat yi :

jàngoro : feebar

gëstukat : seetkat ci wàllu xam-xam..

## Tàggatu yi:

### Faramfàcce :

Ban jàngoro moo èpp li tuy fàat ci Senegaal ?

Lu wolof njaay léeb ?

Lu tax nu ñakkal faayda jàngoro sibbiru

Nu jàngoroy sibbiru di feeñoo ?

Ténkleen jukki bi.

### Jéemantu yi:

- *Mottakileen kàddu yi:*

Moone ..... woon de

Dolli ci ..... ci lal yi.

- *Jubbantileen kàddu yi:*

li/ ñakk/ waral/ xam/ mu/ bare/ na

1      2      3      4      5      6      7

moytu/ boo/ koo/ feebar/ kat/ ko/ mēn/ war/ xamee/ a

1      2      3      4      5      6      7      8      9      10

# Njàng



## Njàng mi

Soxna, xale bu jigéen la bu am fukki at ak juróom. Soxna nak, mësul a jàng. Dey fóot, bale, jaay ak root.

Benn bés, mu ne, ci xelam, "fu ma jaar xam njériñi njàng". Noonu, mu jóg seeti ab jàngalekat, ngir mu ko ciy dimbali.

Ca njalbéen ga, daanaka morooman yépp dañu ko doon reetaan. Waaye Soxna nak, ku am fulla la, ndax dégluwu leen.

Bi mu jànggee diir bu yàgg, mu tàmbali bind. Daanaka dëkk bépp moo leen di bindal ak jàngal seeni bataaxal.

Ab bés, Soxna jàll ci benn jójante ngir doon ab jàngalekat. Léegi, Soxnaa ngi am xaalisam weer wu jot. Balaa nawet biy egzi, Soxna am na jiwoom ak àngareem. Ni ko doon ree, seetlu nañu ni Soxna soppeeku na te ci seeni gis-gis, raw na leen.

Dibéer ju jot, Soxna dey waxtaan aki moroomam ci njériñu njàng, di yeete ci mbiri set-setal, ñakk, defar koom-koomu dëkk bi.

Lii lépp tuy def, mi ngi ko góobee ci toolu njàng.

Kon, ku mu neex mënees naa mel ni moom ndax jàng du wees.

Népp ca daara ja.

Tekkin yæk téggi baat yi :  
Njalbéen : bu jékk, tàmbali, booy door  
gôob : jël, tonni

### Tàggatu yi :

#### Faramfâcce :

Lan la Soxna doon def bu jékk ak i moroomam ?  
Lu mu wuti ci jàngalekat bi ? Lan la mujjee doon ?  
Lan la Soxna di def dibéer bu jot ?  
Naka ngeen gise li Soxna di def ?  
Waxtaanleen ci njériñu njàng.

#### Jéemantu yi :

- Bindleen ñenti njériñi njàng
- Bindleen beneen tàjj buy firi jukki bi.
- Ténkleen jukki bi.

Seen maam mësul a jàng, yéen am ngeen wërsëgu jàng. Netalileen.

# Njàng



## Xel ak njàng (leeb)

Benn bés, xel ak njàng dañu doon werente, ku nekk naan sa moroom maa la ëpp njériñ. Noonu, ñu dem kér buur ngir mu àtte leen.

Naka lañu egzi kér buur, xel daldi ne :

- " Boroom dëkk, dama ne njàng maa ko ëpp njériñ, ndax bu dul woon man, njàng du am".

- Ci saa si, njàng jël kàddu gi ne : "bu ma amul woon, xel du am njériñ. Man maay suuxat xel. Rax ci dolli, ñépp a am xel, li jafe mooy xel mu jàng bay xelli".

Noonu, buur daldi ne :

- "Yéen ñaar ñépp a am solo. Waaye balaa ngay jàng, fàww nga am xel. Xel it do , bu ko boroom suuxatul, maanaam bu jàngul, daanaka du ko jériñ".

Ba ñu déglóo buur, ñoom ñaar joxante loxo te xam xéll ni  
kenn ménul a dem bàyyi moroomam.

Bakken bu ka jékk a fóon tàbbi àjjana.

Tekkin yeek téggiñi baati yi :  
njériñ : lu am solo  
boroomdék : buur  
suuxat : toppotoo

### Tàggatu yi :

#### Faramfàcce :

Lan la xel wax ni mooy njériñam ?

Lan la njàng wax it ?


Lu leen buur tontu ?

Loo leen xalaat ci li buur wax ?

#### Jéemantu yi :

- Bindleen benn tâjj buy ùnd ak jukki bi
- Bindleen benn njériñu xel ak benn bu njàng
- Tenkleen jukki bi.

# Njàng



## Njàng ak kàcciri

Xottaan, daara la ju nekk ca kóminóte riraal bu ñuy wax Tànnaar. Daara jooju nak, lu doy waar a fa xew : njàng ma dafa tee mokk ndax dôor yu metti. Am bés, njàng daldi ne sériñ bi :

- "Xanaa xamuloo ni du ma gaaw a mokk su fekkee maak kàcciri ñoo bokk daara ji".

Ndeke li njàng di wax ak sériñ bi, kàcciree ngi ci doon dégg. Ay saa yu néew rekk, kàcciri daldi ne :

- "Seriñ, bàyyil ma gàddaay ndax njàng mën dugg ci xeli ndongo yi".

Naka la kàcciri génn daara ji, njàng mi tàmbali di mokk, ndongo yi ànd ak seen sago, di tari ci anam yu leer te neex.

Tekkin yéek téggi baatiyi :  
kàcciri : yar  
sago : xel mu dal

## Tàggatu yi :

### Faramfàcce :

Lu tax njàng mi mënul mokk ?

Lan la njàng wax sëriñ bi ?

Lan la kàcciri mujjee def ?

Naka ngeen gise xalaatu kàcciri ?

### Jéemantu yi :

- *Jubbantileen kàddu gii :*

kàcciri / xel/ ub/ dey

- *Waxtaanleen ci kàddu gii :*

lu kàcciri dàq, bu fa jóogee mu dellusi.

- *Tënkleen jukki bi.*

# Tàggat yaram ak jot gi



## Tàggat-yaram

Tàggat yaram po la mu ëmb lépp luy jo ante diggante ay nit mbaa ay mboolooy nit, jaarale ko ci ay sàrt.

Xeeti tàggat yaram bari nañu lool, waaye dañu fiy lim yi ci gën a siiw : fut bal, làmb, rawante (diggante ay nit, ay fas, ay welo mbaa ay gaal), sànni poo,tëb...

Li xeeti tàggat yaram di bari bari, li sàrt yi di wutante yépp, du naxasaxandañ moo tax ñu koy def. Tàggat-yaram am na solo : dafay maye wér-gi-yaram, di dëggëral ak rataxal xaritoo diggante nit ñi, réew yi, gox yi, ndax jojantekat du noon, nawle la.

Tàggat-yaram ci jot la bokk. Jot mooy lépp luy noppal ak feexal xelu doomu aadama : wuré, jàng téere, maye...

Tekkin yeek tégginí baat yi :

**jøgante** : xëccoo bu ñu teg ci yoon diggante ay nit mbaa mboolooy nit ngir xool ku ci mën, ku jél ndam li.

**naxasaxandañ** : lu ñu doyeewul dara, lu amul solo.

## Tàggatu yi :

### Faramfàcce :

Yan xeeti tàggat-yaram ñoo gën a siiw ?

Lan mooy solo tàggat-yaram ?

Yan xeeti tàggat-yaram ñoo am ci seen gox ?

Boo leen doon joŋante ak beneen dekk, ñooñu am ndam, lan ngeen di def ?

### Jéemantu yi :

- Xoolleen ci jukki bi ngeen génné araf yu ñu nosal yi te du ñu tambali baat; araf yooyu ñaata lañu ?
- Joxeleen araf yooyu ngeen boole len ak ay baat.
- Tënkleen jukki bi.

# Tàggat-yaram ak jot gi



## Simb

Ca ñetti-mbaar dafa am simb. Taxawal nañu géew ba ca tisbaar, wërale kook ay toogu. Ba ñetti waxtu jotee, géwel yi ñëw, tàmbale tëgg seeni sabar. Bi tàkkusaan xewee jage, la jigéen ñi di ñow ak seeni col yu rafet, ñu teg ci tuuti, dégg ay yuuxu yu and ak "gaynde njaay mbarawàcc, gaynde njaay mbarawàcc". Gaynde gi wenn waxambaane la bu ngembu, diw ci kanamam ay melo yu ràññeeku.

Simb nak ci cosaanu waalo la bokk. Jamono jooju, ku gaynde màtt, mbaa ku mu xosi, mbaa ku xeex ak moom ba mën ko, bu mere rekk jël jikko gaynde gi : yaramam day am ay kawar, muy ñar ni moom. Su ko defee, dañu koy jat ba sagoom dellusi.

Leegi nak, simb am poo rekk la. Gayndey tey yi ñaari suq lañuy àandal, ñu leen di jat. Ku bëgg seetaan day jënd ag fas, ndax gaynde day jekki-jekki dàq nit ñi.

Ku mu japp te yorewuloo fas, amoo ku la fayal, mënoo jat, mbaa amoo ku la ko jatal, gaynde gi da lay sonnal. Du la gaañ nak ndax poo rekk la.

Tekkin yeek téggi baat yi :  
suq: àndadoo buy jappale  
jekki-jekki : gaawaay boo xamne  
kenn waaju ko  
ŋar: yuuxu gaynde

### Tàggatu yi :

#### Faramfàcce :

Fan la simb cosaanoo ?

Kuy seetaan simb looy def ?

Lan moo wuutale simbu leegi ak bu njëkk ?

Ku xam nu ñuy jatee gaynde ?

#### Jéemantu yi :

- *Defleen ay kàddu ci baat yii* : jekki-jekki, ŋar, simb
- *Yan jot ngeen am ci seen gox? netallileen ni ñuy amee.*
- *Tenkleet jukki bi*

# Tàggat-yaram ak jot gi



## Fa lâmb ja

Tey ci dibéer ji, lâmb ju mag lañuy tègg ca bérébu fowukaayu dëkk bi, diggante Silla ak Mbeng. Ba ñu taxawale ndaje moomu ak leegi, mat na ñeenti weer. Foo dem loolu lañuy waxtaane : ci liggyukaay yi, ci jaayukaay yi ak ñoom seen.

Bi tisbaar di jot, sekk na bérébu fowukaay bi fees na dell ak nit. Am na ñu jóge ba Tâmbaa, ñii ba Sigicoor, ñii ba Kawlax.

Waxtu wi jagesi na, mbér yu ndaw yi, woykat yi ak géwél yi rekk nekk ci géew bi. Jekki-jekki ay yuuxu jolli : Silla mooy duggsi ànd ak ay suqam. Dox na ba mu yàgg, taxaw ñu sotti ko leketu soow, sabar yi jiin ko, muy bàkku.

Noonu yeneen yuuxu jolliwaat, Mbeng mooy ñow, ànd ak Mbañig. Leegi nak ñaari mbér yaa ngi ci diggu géew bi, di lewaatoo ba mu yàgg, songoo, ku ne jàpp sa ngembu moroom. Mbeng yékkati Silla, Silla bañ. Fi ko Mbeng di bëgg a tegaat ci suuf rekk, Silla

galgal ko, walbati ko, Mbeng àgg suuf. Làmb ji saamandaay  
àdduna juy tukki ndax yuuxu yeek pënd bi. Silla daan na Mbeng.

### Tekkin yeek tégginí baat yi :

Lewaatoo : Ci bëre lay amee.

Sanninte ay yoxo yuy joge kaw di wàcc

Galgal : lonk tànk ci tànk nit ngir daneel ko

### Tàggatu yi :

#### Faramfàcce :

Nan ñooy bëre tey ?

Naka la Silla dûgge ci làmb ji ?

Làmb ji lan la doon niru bi Sylla daanee ?

Yan jamono la làmb di am ci gox bi ?

#### Jéemantu yi :

- Raññeileen baat yi am araf yu ñu dul seexal ci jukki bi.

- Joxeleen ay baat yu araf yooyu di jeexal.

- Jubbantileen kàddu gi :

Weer/taxawale/ ak leegi/ ndaje/ ñeenti/ba/moomu/ ñu/mat na.

- Ténkleen · jukki bi.

## Ba may door

Dama doon dox ba agsi fii.  
Samay gët ubbeeku, ma am  
Mbégté mu réy ndax dama réeroon  
Ci biir doomi Aadama yi, ñu xàllal ma  
Yooni àndando, diisóo ak jàmmsànte  
Yeen ñépp ñi ma doon dimbali  
Maa ngi léen di gérëm.

Man, suma demee ba xam luy ëllëg  
Sama yaakaar tasul benn yoon  
Dinaa dund bay fàtteliku ban pexe  
Moo ma indi ci leer man mi ci kanamu mbooloomi  
Adduna day yar nit, àdduna day gindi nit.

Fépp fu ma tollu dinaay ñaan asaka sama xam-xam  
Ak lépp li bawoo ci mën-mën, su ko defee ma mucc.

Maa ngi ñaan ñépp ñi bëgg gëstu, xam, xàmmee ak  
xamle ñu agsi fii ci Daaray ADEF/Afrik, Sàncu ci  
Diiwaan ji, ñu aggale seen yéené, mottali seen  
Warugar, ndax ñu jot ndam li.

## Tëgginnu baat

	I	II	III	IV	V	VI	VII	VIII
1								
2								
3								
4								
5								
6								
7								
8								

tëddaaay bi : 1. ñu bokk tur - 3. t j - 4. wo n  - 5. j ng arafoo-araf - 7. woy wuy , xelal - 8. lu setul

taxawaay bi : I. Lu r yul - Ku ñu m n lul dara- III Fukki weer ak ñaar - IV. am am- santu tukul or bu tambalek "L" - V. Wax kenn mu jox la ko - VI. Lu ñuy jur - day wone bereb - VII. Tibb lu tuuru - VIII. Moo g n a gaaw fas.